

The coronavirus matter wey don dey cause wahala everywhere first enter Naija on 27 February and e start for Lagos state. The tin cause many many fake news wey make NCDC and Federal Ministry of Health dem begin try calm pipo down, try make the sickness no spread. All of us need join hand make sure say we knack this virus correct apako so make we dey talk only news wey we don confam say na true; and make we dey do the ones wey go make the virus fear to near our domot.

The Coronavirus CivActs Campaign (CCC) dey gather different rumour and tori wey Naija pipo dey talk for different states make we help ordinary pipo understand wetin dey happen; so that beta information go dey flow well well for government, media, NGO and even the citizens dem. Once we talk the real gbege of wetin dey happen, all dem fake news go stop to dey spread before they cause more wahala for our country pipo. You know say no be all of us get the same language and no be everybody sabi this English well well so we need this CCC make everybody understand wetin dey happen so that we go finally throwway this bad sickness comot for our country.

Coronavirus na serious threat to Naija pipo -- wey be over 180 million – because the healthcare system weak, the pipo dey very poor, the living conditions no good and the Government too dey corrupt. Economic and insecurity conditions for Naija dey bad before this coronavirus kasala burst, and Naija dey already score fail for health parameters; pipo too dey die and life expectancy dey poor. When and if coronavirus enter communities wey get high population for Naija, kasala go burst.

E dey important make Naija handle this pandemic in a way wey dey progressive and transparent, to ensure the well-being of citizens, build resilience and prevent any social conflict wey fit happen sharp sharp. This na huge challenge for Naija, but na also opportunity to renovate public health systems, improve relationship between Naija pipo and those who dey in power, and improve governance.

COVID-19 instruction for flights

As government bin allow international flights resume on September 5, Presidential Task Force on COVID-19 and Federal Airports Authority of Nigeria (FAAN) don give instruction on how have travellers go take dey safe when dem dey fly to or comot Nigeria. E get 7 things wey dem talk say we need reason when we dey travel:

1.All the people wey dey think to travel come we country must to do test and make sure e show NEGATIVE for COVID-19 by PCR from the country wey you dey comot from to enter naija. You must don do the PCR test three or four days before you comot.

2.Anybody wey dey plan travel suppose register for Nigerian International Travel Portal online for <https://nitp.ncdc.gov.ng>

3.When you enter naija you must to do port health screening and give them the report wey dem bin send your email so that port health officials go fit confirm.


4.As you dey enter naija, you suppose do self-isolation/quarantine for at least 7 days, when you go keep social distance for your friends, family, colleagues and other people just in case.

5.Passengers wey enter the country must to present themselves on the 7th day after dem land, go submit their samples for COVID-19 PCR test.

6. Test result suppose ready within 24 to 48 hours and the State Public Health Department teams and NCDC go know wetin dey happen.

7. Visit <https://nitp.ncdc.gov.ng> for more tori.

Tracking government spending on the COVID-19 pandemic



Federal Government of Nigeria don yarn say they don spend N30,540,563,571.09 on top COVID-19 matter, and na hin be 84% of the N36.3 billion public funds and donation wey dem collect between 1st April, 2020 and 31st July, 2020, they con leave change of N5.9 billion. This tori na how government take respond to Freedom of Information requeat wey Socio-Economic Rights and Accountability Project (SERAP) and Connected Development (CODE) bin send go Accountant-General of the Federation, Ahmed Idris for August 10, 2020.

Here is a breakdown of the disclosed spending:

S/N	Name of organisation	Item spent on	Amount spent in Naira
1	Presidential Task Force on COVID-19	Undisclosed	22 billion
2	States	COVID-19 initiatives (Not detailed)	7 billion
3	Nigerian Air Force	Deployment of assets in support of COVID-19 operations	877 million
4	Nigerian Police	Personal Protective Equipment	500 million
5	Banks (Undisclosed)	Bank charges	17,865.09

YEYE TORI



VS



TRUE TORI

COVID-19 dey only affect lungs

Before scientists bin think say na only lungs COVID-19 dey spoil but now we don know say the virus fit damage different organs for person body. One new one wey dem talk be say the virus fit dey live for person brain.

You fit catch COVID-19 for swimming pool

CDC don talk say e no get any proof say corona virus fit spread to people for inside swimming pool. If dem dey disinfect the water with chlorine or bromine normally, e go kill the virus wey dey inside.

Drinking alcohol no dey reduce risk of infection

WHO don talk say alcohol fit disinfect skin, but no be so e dey work for inside body, if person take am too much e fit weaken person immune system and e no go fit fight against diseases.

You fit catch coronavirus from urine and faeces


Even as dem don detect coronavirus for inside soakaway with special machine before, the viruses wey dem bin see for there don already die from all the acid wey dey inside stomach of people from where e take comot.

Pikin no fit catch COVID-19

Even as majority of COVID-19 patients na adults, children still dey follow catch the sickness, even though their symptoms no dey as serious as big man own. As of now, over 500,000 children for USA don catch COVID-19, and our own ministry of health for Naija don talk say 10% of Nigerians wey don catch am na children.

COVID-19 public funds and donation way dem bin collect

Sources of funds (Percentage)



- Private sector
- House of Representatives
- Petroleum Equalization Management Board
- Senate
- China General Chambers of Commerce
- Nigeria Content Development and Monitoring Board

S/N	Source of Funds	Payment channel	Amount spent in Naira
1	Private sector (Nigerians and companies)	First bank, Access bank, GTB, Zenith bank, UBA	1.4 billion
2	Senate	CBN	89 million
3	House of Representatives	CBN	279 million
4	China General Chambers of Commerce	Undisclosed	48 million
5	Petroleum Equalization Management Board	Undisclosed	50 million
6	Nigeria Content Development and Monitoring Board	Undisclosed	70 million

CORONAVIRUS UPDATE FOR NAIJA AT AS TODAY - 11/09/2020

56,017

CONFIRMED CASES

1,076

DEATHS

43,998

RECOVERED

438,135

TESTED